ФIФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ псалъэ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№141 (23.799) ● 2018 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 20, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ республикэм и Правительствэм хэтхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэмрэ я тхьэмахуэ зэхуаку зэIущIэр

КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я Iэтащхьэхэр кърихьэлIэу тхьэмахуэ зэхуаку къэс къызэрагъэпэщ зэIущIэр иригъэкIуэкIащ КIуэкIуэ К. В. Абы щыхэплъащ муниципалитетхэм я бюджетхэр зэрагъэзащIэм, лъэпкъ проектхэм я щIыналъэ Iыхьэхэр къызэрызэрагъэпэщым, къагъэсэбэпа энергием и уасэр зэрат щIыкIэм япыщIа Iуэхухэм.



ЗЭIУЩIЭМ докладхэр щащIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков А.ТI.**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **КIэрэф М. А.**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Бэлэтокъуэ В. Хь.** сымэ. Апхуэдэу къэпсэлъахэщ «Газпром Межрегионгаз Налшык» ООО-м и генеральнэ директор **Цыплухин А. Г.**, «Къэббалъкъэнерго» акционер зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Къанэмэт М. З.**

Зэман благъэм къриубыдэу къэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу зэIущIэм къыщагъэлъэгъуащ егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, спортым я IэнатIэхэм хиубыдэу яухуэ IуэхущIапIэхэр ягъэува пIалъэхэм къызэIухыныр, гъуэгумрэ транспортымрэ я инфраструктурэр, оперативнэ IэнатIэхэр щIымахуэм зэрылэжьэнум нэгъэсауэ хуэгъэхьэзырыныр, жылагъуэхэр зэIузэпэщ щIыныр.

ЗэрыжаIамкIэ, иджыпсту Нарткъалэ, Ташлы-Тала, Прохладнэ, Аргудан, Бэлэ Речкэ школ щхьэхуэхэр, сабий садхэр, спорт комплексхэр щызэгъэпэщыжыныр зэфIагъэкI, республикэм и районхэм я жылэхэр зэIузэпэщ ящI, щэнхабзэм и унэу, зыгъэпсэхугъуэр къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэу пщыкIуз щызэрагъэпэщыж.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьащ къагъэсэбэпа энергием и уасэр зэратым.

Иужьрей зэманым ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм я фIыщIэкIэ газымрэ электрокъарумрэ я уасэр зэратыр нэрылъагъуу ефIэкIуащ. Илъэсыр къызэрихьэрэ газ уасэм и процент 77,7-р, электрокъарум и уасэм и процент 91,6-р зэхуахьэсащ. Энергием и уасэмкIэ щIыхуэ къатемыхуэу йокIуэкI республикэ бюджетымрэ щIыпIэ бюджетхэмрэ я ахъшэм ирилажьэ IуэхущIапIэхэр.

Апхуэдэу щыт пэтми, мы IэнатIэм щыIэ щытыкIэм арэзы укъищIу зихъуэжакъым. Япэхэми хуэдэу, гугъуехь нэхъыщхьэхэм ящыщщ хуабэ энергиер къэзылэжь комплексымрэ электросетымрэ жьы дыдэ зэрыхъуар. А IэнатIэхэм ахъшэшхуэ хэлъхьэн хуейщ иджырей проектхэр щагъэзэщIэн папщIэ.

Республикэм и Правительствэм хэтхэм, къалэ район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм, «Газпром Межрегионгаз Налшык», «Къэббалъкъэнерго» зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэм гу лърагъэтащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IуэхущIапIэхэр зэкIэлъыкIуэу къэгъэщIэрэщIэжыным хуэунэтIа Iуэхухэр убзыхун, апхуэдэу къагъэсэбэпа энергием и уасэр зэрат щIыкIэр нэхъ зэIухауэ егъэкIуэкIын зэрыхуейм.

Мы IэнатIэм щылажьэ унафэщIхэм ящыщу зи къалэнхэм нэгъэсауэ пэмылъэщхэм я Iуэхум хэхауэ хэплъэнущ, къигъэлъэгъуащ КIуэкIуэ Казбек.

«2024 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм зегъэужьынымкIэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкIа Указыр гъэзэщIэным хиубыдэу ялэжьахэм тепсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ КIэрэф Мурат. Абы къигъэлъэгъуащ лъэпкъ проект 12-м я щIыналъэ Iыхьэхэр гъэхьэзырынымкIэ властым и гъэзэщIакIуэ органхэм ирагъэкIуэкIыну Iуэхухэр нэсу зэрызэтрагъэувар. КъБР-м и Iэтащхьэм и деж Стратегие планхэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ советым хэтынухэр яубзыхуащ икIи абы теухуа положенэр къащтащ. УнэтIыныгъэ псоми елэжьыну лэжьакIуэ гупхэр къызэрагъэпэщащ.

КIуэкIуэ Казбек къызэригъэувам тету, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ убзыхуауэ ядолажьэ гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я IэнатIэу лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным пыщIахэм.

КIуэкIуэ К. В. къыхигъэщхьэхукIащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэныр хэкIыпIэ лъэщу зэрыщытыр икIи «республикэм исхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ абы Iэмалыщ Iэхэр къызэритыр».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Социальнэ мурадхэм телажьэ IуэхущIапIэхэм къэралыр адэкIи ядэIэпыкъунущ

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и президиумым и зи чэзу зэIущIэр. Правительствэм хухаха зэманым хиубыдэу абы щыхэплъащ фейдэ къэлэжьыныр зи мурад нэхъыщхьэу щымыт, социальнэ къалэнхэр зэфIэзыгъэкI зэгухьэныгъэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ зэрыратым.

АБЫ и лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм зэпкърыхауэ депутатхэр щыгъуазэ ищIащ КъБР-м граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Гергоков Джамбулат**.

Докладым къызэрыхэщамкIэ, УФ-м ЮстицэмкIэ и министерствэм и Управленэу КъБР-м щыIэм щатхащ социальнэ Iуэхухэр дэзыгъэкI, фейдэ къэлэжьыныр зи мурад нэхъыщхьэу щымыт IуэхущIапIэу 915-рэ. Абыхэм ящыщу 328-р жылагъуэ зэгухьэныгъэщ, 192-р дин е къинэмыщI зэгухьэныгъэщ.

Социальнэ Iуэхухэр дэзыгъэкI, фейдэ къэлэжьыныр зи мурад нэхъыщхьэу щымыт организацэу республикэм щыIэхэм ират къэрал дэIэпыкъуныгъэм хеубыдэ социальнэ проект зэмылIэужьыгъуэхэр гъэзэщIэным трагъэкIуэдэн папщIэ хухах субсидиехэр, информацэ, юридическэ дэIэпыкъуныгъэхэр, мы IэнатIэм пыщIахэм я IэщIагъэм хэгъэхъуэныр.

Министрым и къуэдзэм къигъэлъэгъуащ фейдэ къэлэжьыныр зи мурад нэхъыщхьэу щымыт, социальнэ Iуэхухэр дэзыгъэкI организацэхэм зэрыщыгугъ унэтIыныгъэхэр законодательствэм къызэрыщыгъэлъэгъуам ипкъ иткIэ 21-рэ зэрыхъур. Зыхуэфащэ реестрым иратхэн папщIэ фейдэ къэлэжьыныр зи мурад нэхъыщхьэу щымыт, социальнэ къалэнхэр дэзыгъэкI организацэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм теухуа заключенэр иджы республикэ IэнатIэм къыщрат хъунущ.

- ЩэкIуэгъуэм и 12-м ирихьэлIэу фейдэ къэлэжьыныр зи мурад нэхъыщхьэу щымыт, социальнэ Iуэхухэр дэзыгъэкI организацэхэм я реестрым жылагъуэ зэгухьэныгъэу 2 иратхащ. А реестрым къыщагъэлъэгъуэн папщIэ организацэм и лэжьыгъэр зэIухауэ къызэригъэпэщын хуейщ. Абы папщIэ зыхуэфащэ сайтхэр социальнэ сетхэм къыщызэрагъэпэщ икIи зэфIагъэкI Iуэхухэр, организацэм и отчётхэр абы иралъхьэ, - жиIащ доклад зыщIам.

Зытепсэлъыхь организацэхэм я лэжьыгъэр зэщIэгъэуIуэнымкIэ сэбэп мэхъу абыхэм субсидиехэр етыным теухуауэ республикэм щызэтрагъэува хабзэхэр. Министерствэр зэпымыууэ кIэлъоплъ конкурс зэмылIэужьыгъуэхэм япкъ иткIэ республикэ бюджетым къыхэкI субсидиехэр фейдэ къэлэжьыныр зи мурад нэхъыщхьэу щымыт, социальнэ къалэнхэр дэзыгъэкI организацэхэм зэрыратым. Къапщтэмэ, 2017 гъэм абыхэм сом мелуани 7-рэ мин 440-рэ хухахащ икIи а ахъшэм и хьэкъкIэ организацэу 20-м проект 22-рэ ягъэзэщIащ. 2018 гъэм субсидиехэр сом мелуани 9-м нэблэгъащ. Ар организацэ 23-м яIэрыхьащ икIи абыхэм псори зэхэту проект 23-рэ ягъэзэщIащ. Апхуэдэу дызэрыт илъэсым муниципальнэ IэнатIэм ехьэлIа е щIыналъэ организацэхэм я къудамэу муниципалитетхэм щыIэхэр зыхэт проекту 9 даIыгъащ икIи абыхэм трагъэкIуэдэн папщIэ псори зэхэту сом мелуани 3-рэ мин 279,5-рэ къыхузэщIагъэуIуащ.

ЗэIущIэм къыщагъэлъэгъуащ фейдэ къэлэжьыныр зи мурад нэхъыщхьэу щымыт, социальнэ къалэнхэр дэзыгъэкI организацэхэм я нэхъыбэр лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэм, финанс Iуэхухэм япыщIа гугъуехьхэм зэрыхэтыр. Абыхэм ящыщщ Iуэхум фIыуэ щыгъуазэ IэщIагъэлIхэр, планхэр тэмэму зэхэзылъхьэфхэр икIи ахэр зыгъэзэщIэфхэр, къазэремэщIэкIыр.

Докладым и кIэухым КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** къыхигъэщхьэхукIащ фейдэ къэлэжьыныр зи мурад нэхъыщхьэу щымыт, социальнэ Iуэхухэр дэгъэкIыным пыщIа организацэхэм я бжыгъэм республикэм зэрыщыхэхъуэр.

- Ауэ абы къикIыркъым апхуэдэ зэгухьэныгъэхэр куэд щIын къудейр сэбэпу: ахэр ипэжыпIэкIэ лажьэу, ди зэманым къэув Iуэхухэр дагъэкIыфу щытыпхъэщ. Мис апхуэдэу зыубгъуауэ республикэм щылажьэ, зи къудамэхэр муниципалитетхэм щыIэ зэгухьэныгъэхэр зыхуэдизыр къыджепIамэ ди гуапэт.

Гергоков Джамбулат къигъэлъэгъуащ зи къудамэхэр муниципальнэ районхэм щыIэ организацэхэр куэд зэрыхъур. Ауэ ахэр къэралым имытхауэ, юридическэ IэнатIэм и статус ямыIэу икIи республикэ зэгухьэныгъэм и уставым тету щылажьэ куэдрэ урохьэлIэ. Доклад зыщIам зэрыжиIамкIэ, фейдэ къэлэжьыныр зи мурад нэхъыщхьэу щымыт, социальнэ къалэнхэр дэзыгъэкI IуэхущIапIэ псоми я зэхуэдитIыр иджыпсту икъукIэ жыджэру мэлажьэ.

Псалъэмакъым и кIэухым Егоровэ Татьянэ жиIащ:

- Нобэ дызыхэплъэ Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэм зегъэужьыным иджыпсту гулъытэшхуэ хуащI. Абы и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, фейдэ къэлэжьыныр зи мурад нэхъыщхьэу щымыт IэнатIэр социально-демографие гуп щхьэхуэхэр зыхуэныкъуэхэм нэхъ псынщIэу яподжэжыф. Абы административнэ Iуэхухэм тригъэкIуадэшхуэ щыIэкъым, волонтёрхэр лэжьыгъэм кърищэлIэну Iэмалхэри иIэщ. Мыбдеж апхуэдэу къыщыхэзгъэщыну сыхуейт: фейдэ къэлэжьыныр зи мурад нэхъыщхьэу щымыт организацэхэм цIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр Iуэхум къыхэшэнымкIэ хэкIыпIэшхуэхэр иIэщ. Аращ мы IэнатIэм зегъэужьыным, къэралым Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIэгъэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуфыну организацэхэр къызэгъэпэщыным зэпымыууэ егугъупхъэу къыщIэслъытэр.

Мы Iуэхум теухуауэ жаIахэм япкъ иткIэ депутатхэм къащтащ зыхуэфащэ IэнатIэхэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ нэгъуэщI Iуэхухэми. Абыхэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектыр. Федеральнэ законодательствэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ ягъэхьэзыра а документым, къапщтэмэ, къегъэув КъБР-м и Парламентым и депутатхэр щыхахкIэ е Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и референдумыр щрагъэкIуэкIкIэ хэхакIуэхэм ящыщу езыхэр щыпсэу щIыпIэхэм щымыIэнухэм а махуэм здэщыIэну щIыпIэм Iэ щаIэтын папщIэ хэхакIуэ комиссэхэм тхылъ иратыну хуит зэращIыр. Апхуэдэ мардэр игъэуващ Урысейм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм. Ауэ КъБР-м и Парламентым и депутатыр щыхахкIэ е КъБР-м и референдумыр щрагъэкIуэкIкIэ хэхакIуэм нэгъуэщI щIыпIэ Iэ щиIэтыну хуит зэращI удостоверенэхэр къагъэсэбэпыжынукъым, апхуэдэ хабзэр якъутэжын хуейуэ проектым къегъэув.

Апхуэдэу УФ-м и Жылагъуэ палатэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэхыныгъэ, референдум псоми хэтыну кIэлъыплъакIуэхэр ягъэкIуэну хуитщ.

Парламентархэм апхуэдэу елэжьын щIадзащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм бгы-лыжэ туризмэм зыщегъэужьыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. Ар ягъэхьэзыращ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бгы-лыжэ туризмэм зэрызыщиужьыр зыунэтI законыр егъэфIэкIуэн мурадкIэ.

Президиумым и зэIущIэм щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм. Депутатхэм унафэ къащтащ КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2018 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м егъэкIуэкIыным теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

2018 гъэм и III мазищым цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ гъэувыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№211-ПП

2018 гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м Налшык къалэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщIэ цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеймрэ и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м, 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м къащтам, и 4-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм къызэригъэлъэгъуам ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщIэ цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр 2018 гъэм и III мазищым ику иту сом 10557-рэ, лэжьэфыну цIыхухэм папщIэ - сом 10969-рэ, пенсионерхэм папщIэ - сом 8243-рэ, сабийхэм папщIэ - 11336-рэ хъууэ гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
МУСУКОВ Алий

ЩIыхуэр яхуэпшыныжын папщIэ

● ЗэIущIэхэр

УФ-м и Къэрал Думэм щэкIуэгъуэм и 14-м щекIуэкIа зэIущIэм етIуанэ еджэгъуэу къыщащтащ «Федеральнэ бюджетыр 2019 гъэм, 2020 - 2021 гъэхэм ятещIыхьауэ» проектымрэ УФ-м и Пенсэ фондым, Социальнэ страхованэмкIэ, ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ фондхэм я бюджетхэмрэ. Федеральнэ бюджетым и проектым зэхъуэкIыныгъэу 676-рэ хэлъхьэн хуейуэ къагъэлъэгъуащ, абы щыщу 462-р УФ-м и Правительствэм, 214-р Къэрал Думэм и депутатхэм халъхьащ.

- БЮДЖЕТЫМ и проектым щыубзыхуащ УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэхэм къыщыгъэлъэгъуа къалэнхэр зэрагъэзэщIэнур. Иджы япэу 2019 гъэм бюджетым и хэхъуэр къэдгъэсэбэпыну дызыхуеинум нэхърэ триллиони 2-м нэблагъэкIэ нэхъыбэнущ, - жиIащ «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и секретарь, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **АфэщIагъуэ Михаил**.

Абы жиIащ бюджетыр щызэхагъэувэм цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэмкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэм гулъытэшхуэ зэрыхуащIар, псом хуэмыдэу узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм, щэнхабзэм, щIыуэпсыр хъумэным зэрызрагъэужьынур.

УФ-м и Президентым 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Унафэ №204-м ипкъ иткIэ, лъэпкъ проект 12 ягъэзэщIэну я мурадщ.

«Урысей зэкъуэт» партым и нэIэ тригъэтынущ ахэр зэрагъэзащIэмрэ бюджет ахъшэр къызэрагъэсэбэпымрэ. АфэщIагъуэм къыхигъэщащ бюджетым и проектыр электроннэу зэрагъэхьэзырар икIи дяпэкIэ дэтхэнэми Iэмал зэриIэр ар зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну.

«КъищынэмыщIауэ, къэралым и щIыналъэхэм зэрызыщIагъэкъуэну ахъшэ бюджетым щхьэхуэу хэтщ. Абы и фIыгъэкIэ ди щIыхуэхэр тпшыныжыну Iэмал диIэнущ», - дыщIигъуащ депутатым.

ПЕЧОНОВ Владилен.



«Адыгэ псалъэр» адыгэ унагъуэ псоми илъын хуейщ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

ФокIадэм и 1-м щIидзауэ КъБР-м Пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм ирегъэкIуэкI 2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ трегъэдзэным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзэкIэ къыщыдэкIыр. ДызэригугъэмкIи, ар яIэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми.

ГъэщIэгъуэн куэд къивгъуэтэнущ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуазджэ, спорт хъыбарыщIэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэ-бзыпхъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, нэгъуэщI куэди.

Газетым Iэ щытевдзэ хъунущ КъБР-м и пощт IуэхущIапIэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и IэтедзапIэр илъэс ныкъуэм сом 612-рэ кIэпIейкI 78-рэ хъууэ арацщ.

Ди индексыр 51531

Нобэрэ пщэдейрэ

ЩэкIуэгъуэм и 20, *гъубж*

♦**Сабийм и дунейпсо махуэщ**

♦**Мексикэм щагъэлъапIэ я революцэм и махуэр**

♦**1480 гъэм** Урысейм тэтэр-монгол тепщэныгъэр щиухащ.

♦**1922 гъэм** РСФСР-м хыхьэу къызэрагъэпэщащ Шэшэн автономнэ областыр.

♦**1945 гъэм** Нюрнберг (Германие) щыщIадзащ Ещанэ рейхым и щIэпхъаджащIэ нацистхэм я судыр щIэныр. Абыхэм ящыщт фашист Германием и дзэ къулыкъущIэхэу Геринг, Гесс, Риббентроп, Кейтель, Розенберг, Борман, нэгъуэщIхэри. Судыр 1946 гъэм жэпуэгъуэм и 1 пщIондэ екIуэкIащ.

♦**1999 гъэм** «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр ягъэуващ.

♦Балеринэ цIэрыIуэ, хореограф, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Плисецкая Майе** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Ульянов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, жылагъуэ лэжьакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист **Баталов Алексей** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Габуние Зинаидэ** къызэралъхуа махуэщ.

♦Журналист, лэжьакIуэ, политик, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **ЩакIуэ Мусэлий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Мерэтыкъуэ Хьисэ** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 11, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 21, *бэрэжьей*

♦**Телевиденэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Сэлам зэхыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм и налог органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ.** 1991 гъэм щэкIуэгъуэм и 21-м РСФСР-м и Президент Ельцин Борис Iэ щIидзащ Къэрал налог IуэхущIапIэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэм.

♦**Бухгалтерым и махуэщ**

♦**1877 гъэм** Америкэм щыщ щIэныгъэлI Эдисон Томас хэлъхьэныгъэщIэу ищIащ фонограф къызэригупсысам теухуа хъыбарыр.

♦**1916 гъэм** Эгейскэ тенджызым, нэмыцэхэм псым хадза лагъымым жьэхэуэри, щыщIилъэфащ Инджылызым и «Британник» кхъухьыр. Абы ещхь «Титаник»-р, мыл джейм жьэхихьэри, 1912 гъэм и мэлыжьыхьым Атлантикэ тенджызым щыщIилъэфауэ щытащ.

♦**1965 гъэм** Москва къыщызэIуахащ Сабий музыкэ театрыр. Иджыпсту абы зэрехьэ режиссёр цIэрыIуэ, тхакIуэ, драматургыу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зрата, СССР-м и цIыхубэ артисткэ Сац Наталье и цIэр.

♦Франджы усакIуэ, тхакIуэ, публицист, тхыдэдж **Вольтер** къызэралъхурэ илъэс 324-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Глузский Михаил** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Совет композитор-уэрэдус, актёр, СССР-м и цIыхубэ артист, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зрата **Френкель Ян** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦ СурэтыщI-живописец, УФ-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Маргъущ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦БэнакIуэ цIэрыIуэ, Олимп чемпион, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Мамиашвили Михаил** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 9, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

АнэнэпIэсрэ гупкIэ тIысыпIэрэ.

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

ЛъэпкъитIми яхуэпэж бзылъхугъэ

УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт ДыщэкI Тамарэ цIыху насыпыфIэу зелъытэж. 2018 гъэр а бзылъхугъэм и дежкIэ фIэрафIэ дыдэщ, сыту жыпIэмэ абы егъэлъапIэ зэуэ махуэшхуитI: фIыуэ илъагъу «Ногай давысы» лъэпкъ газетым зэрыщылажьэрэ илъэс 50 зэрыхъумрэ и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъумрэ. ГъащIэ гъуэгуанэ купщIафIэ къэзыкIуа Тамарэ ноби жыджэрщ, хэлъэт иIэщ, Iуэху дахэ куэдым я жэрдэмщIакIуэщ.

ТЫНШУ щытакъым ДыщэкIым и гъащIэр. Иджыри цIыкIуу, абы щхьэщыкIащ и адэр. Нартан жылэм дэсащ Тамарэ къызыхэкIа унагъуэр. Жылэхэр колхозу щызэгухьэ лъэхъэнэм абы и адэ Барэсбий Къэрэшей-Шэрджэсыр псэупIэ ищIащ, НКВД-м зэрихьэ залымыгъэхэм защихъумэу. Абыхэм ихьакIэт Барэсбий и адэ ПIатIэрэ и къуэш нэхъыщIэ Нэзиррэ. Хамэ щIыналъэм зи псэр зыхьа щIалэщIэр Бытдаев Ажу зи нэхъыжь къэрэшей унагъуэм зрашэлIащ, и шхынкIи, и псэупIэкIи зыкъыщIагъэкъуащ. Микоян-Шахар (арат абы щыгъуэ Карачаевск къалэм зэреджэр) апхуэдэу псэун щыщIэзыдза Барэсбий абы къыщигъуэтащ и насыпри. Бытдаевхэ кърагъэлъагъури, абы щхьэгъусэу къиишащ пшынауэ хъыджэбз дахэ Мысырхъан. ХуэщIауэ псэу а нэгъуей унагъуэм ар къраудэкIыу хуежьэри, къэралым щекIуэкI политикэ залымыгъэм зыщихъумэу, Ставрополь крайм щыIэ Къэрэмырзей жылэм къикIри, Къэрэшей-Шэрджэсым къэIэпхъуауэ арат.

ДыщэкI зэщхьэгъусэхэм насыпрэ лъагъуныгъэрэ зи лъабжьэ унагъуэ дахэ яухуащ. Барэсбий IэнатIэ хуэхъуат шахтэр, Мысырхъан пхъэщхьэмыщхьэ-хадэхэкIгъэкI IуэхущIапIэм щылажьэрт. А тIум я дежкIэ гуфIэгъуэшхуэт я шыпэлъху сабийр. Тамарэ зыфIаща хъыджэбз цIыкIур къэхъурт, адэ-анэм я лъагъуныгъэрэ хуабагъэрэ щымыщIэу.

Зэщхьэгъусэхэм гъащIэм хуаIэ мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къызэтрикъутащ 1941 гъэм къэхъея Хэку зауэшхуэм. Абы щыгъуэ Тамарэ цIыкIум и ныбжьыр илъэси 3 ирикъуа къудейт, ныбэ илът мазэ бжыгъэ дэкIмэ абы къыхуалъхуну и дэлъху закъуэ Мурат. Нэмыцэхэр Кавказым къэса нэужь, Мысырхъан сабиитIыр щIыгъуу Къэрэмырзей жылэм кIуэжащ икIи и Iыхьлыхэм ябгъэдэтIысхьэжащ.

Гугъуу щытащ Барэсбий къикIуа зауэ гъуэгуанэр. Адыгэ щIалэр яхэтащ япэу бийм япэщIэувахэм икIи и псэ щымысхьу зэрыпхъуакIуэхэм езэуащ. Зэзауэ гуащIэхэм ящыщ зым здыхэтым, Барэсбий сэлэт гуп и гъусэу гъэр хъуащ. Зауэм и кIэм гъэрыпIэм къикIыжа щхьэкIэ, апхуэдэ щытыкIэ зэрихуар иджыри илъэсиблкIэ ипшынащ ДыщэкIым. Ар Красноярск крайм щыIэ шахтхэм ящыщ зым щылэжьащ 1952 гъэ пщIондэ. А илъэсым хуит къэхъужа нэужь, Барэсбий и щIыналъэм къигъэзэжащ икIи Къэрэмырзей дэс и унагъуэм екIуэлIэжащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ адыгэ щIалэм псэупIэ хуэхъуащ а жылэр. Къуажэдэсхэм пщIэ къыхуащIырт Барэсбий, ялъагъурт ар зэрыцIыху пэжыр, жумартыр, гуащIафIэр. «Къэбэрдей» - арат гъунэгъухэр абы къызэреджэр.

ДыщэкIхэ я унагъуэр ирикъужауэ зэдэпсэурт, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ яку дэлъу. Жылэм дэт курыт школыр фIыуэ къиуха нэужь, унагъуэм я бын пажэ Тамарэ щIэтIысхьащ Черкесск дэт педучилищэм икIи ар ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. Тамарэ лэжьэн щыщIидзар Шэшэн-Ингушым хыхьэ Шелковской районым щыщ Къэршыгъэ нэгъуей къуажэм дэт пэщIэдзэ школ цIыкIуращ. Игури и псэри лэжьыгъэм етауэ IэнатIэм пэрыхьа егъэджакIуэ ныбжьыщIэм зэман кIэщIым къриубыдэу хулъэкIащ щIыпIэ унафэщIхэм, еджакIуэхэм, абыхэм я адэ-анэхэм я пщIэр и Iуэху зехьэкIэ екIумкIэ, бгъэдэлъ гумызагъагъэмкIэ къихьын. Куэдым я гугъакъым бзылъхугъэ цIыкIум нэгъуей жылэ жыжьэм илъэс бжыгъэкIэ зыщиIэжьэну, сыту жыпIэмэ зы гъэ еджэгъуэр ерагъыу нахьэсу арат абы лэжьакIуэ къагъакIуэхэм. ДыщэкIым сабийхэм пэщIэдзэ щIэныгъэ яритыфа къудейкъым, атIэ абыхэм папщIэ интернат къызэIуригъэхри, еджэным адэкIи пригъэщэфащ.

Тамарэ егъэджакIуэ къудейтэкъым, атIэ жылэм дэлъ социальнэ-щэнхабзэ гъащIэр езыгъэфIакIуэ, абы щIэ хэзылъхьэ цIыхут. Ар зыщылажьэ жылэр зэрыпхыдзам къыдэкIуэу, къумым итти, жьышхуэ къызэрепщэу, пшахъуэ гъуэжьым псэуалъи IуэхущIапIи исеижырт. ЩIым хэукIа пкъохэм тету яухуа школыр илъэсым кърикубыдэу зыбжанэрэ щIигъанэрт жьышхуэм кърихьэкI пшахъуэ Iувым. Апхуэдэхэм деж школыр тракторым пшахъуэ «гъэрым» къыIэщIигъэкIыжырт, нэгъуэщI щIыпIэ илъэфырти, абдеж щагъэувырт. Абыи зыгуэр ирищIэну мурад ищIащ егъэджакIуэм. «Жьы къепщэхукIэ, школыр бгъэIэпхъуэ нэхърэ, а жьым «дэIэпхъуэ» пшахъуэр и пIэм ибгъэувыIыхьмэ нэхъыфIкъэ?» - егупсысырт Тамарэ. Абы теухуа и еплъыкIэхэр абы мызэ-мытIэу къыщигъэлъэгъуащ властхэм яхуэгъэза тхыгъэхэм. ЩIыпIэ унафэщIхэм я деж Iуэхур щыщымыкIуатэм, Iуэхур зыIутыр нэсу къыщигъэлъэгъуа тхыгъэ абы игъэхьащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм.

Жылагъуэ Iуэхухэм папщIэ гууз-лыуз зиIэ, жэуаплыныгъэр зыхищIэу зи къалэнхэм бгъэдэт бзылъхугъэм ищIахэр псыхэкIуадэ хъуакъым. Пшахъуэхэр ягъэбыдащ, жьым зыкъыщимыIэтын хуэдэу жылэм ихъуреягъкIэ жыгхэр щагъэтIысащ, къуажэ уэрамхэм асфальт тралъхьащ. А псом иужькIэ щIыпIэм школыщIэ щаухуащ. Тамарэ и гъэсэнхэм нобэ къахэкIащ дохутыр цIэрыIуэхэр, егъэджакIуэ Iэзэхэр, мэкъумэш IэщIагъэлI щыпкъэхэр. Абыхэм ящыгъупщэркъым щIэныгъэ нэхум и гъуэгум тезыгъэува я егъэджакIуэ гумызагъэр. Тамарэ зрагъэблэгъа зэIущIэ гуапэ иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщат Къэршыгъэ жылэм. Куэдым ящIэжырт а егъэджакIуэ бзылъхугъэ гумызагъэм жылэм щхьэкIэ зэфIихауэ щыта Iуэхугъуэфlхэр.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм къыдэкIуэу, бзылъхугъэ цIыкIур дихьэхырт тхэным, и къалэмыпэм къыпыкIхэр Черкесск къыщыдэкI «Ленин йолы» (иджы «Ногай давысы») газетым щIэх-щIэхыурэ къытехуэрт. Зэман дэкIри, творческэ зэфIэкI зыбгъэдэлъу гу зылъата бзылъхугъэр 1966 гъэм лэжьакIуэ ирагъэблэгъащ а газетым. Корректору лэжьэн щIэзыдза Тамарэ нэсащ щэнхабзэмкIэ къудамэм и унафэщI, газетым жэуап зыхь и секретарь къулыкъухэм.

Журналистикэм щыхыхьагъащIэ зэманым ДыщэкIым щапхъэ хуэхъуащ а IэнатIэм цIэрыIуэ щыхъуахэу Джанибеков Энвер, Абдулжалилов Фазиль, Капаев Суюн, Карасов Баубэч, Кумратовэ Келдыхъан сымэ. Ахэр и гъуэгугъэлъагъуэу Тамарэ хулъэкIащ езым и хъэтI екIум хуэкIуэ тхыгъэ купщIафIэхэр къигъэщIын, абыхэмкIэ цIыху гуащIафIэхэр жылагъуэм яригъэцIыхун, щIыналъэм щекIуэкI Iуэхугъуэфlхэм ятеухуа хъыбархэр цIыхухэм яхуиIуэтэн. ДыщэкIыр щIэх-щIэхыурэ яхуэзэрт, ятетхыхьырт цIыху цIэрыIуэхэм. Абы гукъинэ щыхъуахэм ящыщщ СССР-м и къухьлъатэзехуэ космонавт Джанибеков Владимиррэ абы и щхьэгъусэ, усакIуэ Джанибековэ Лилиерэ ядищIа интервьюр, къэфакIуэ цIэрыIуэ Эсамбаев Махьмуд дригъэкIуэкIа псалъэмакъыр. Очерк жанрыр фIыуэ къызэхъулIэ журналист IэкIуэлъакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIырт цIыхухэм я гъащIэм, я гум щыщIэ Iуэхугъуэхэм, я мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къызыхэщ тхыгъэ купщIафIэхэр. Тамарэ тхыгъэ куэд триухуащ Хэку зауэшхуэмрэ абы и ветеранхэмрэ. А тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ щхьэхуэ тхакIуэм къыдигъэкIащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу.

Захуагъэмрэ пэжыгъэмрэ дапщэщи я телъхьэ цIыху жыджэрыр сыт щыгъуи я къыщхьэщыжакIуэт лей зытехьэхэм. ЦIыху хэтыкIэ дахэ, псэлъэкIэ екIу, бзэ къабзэ зыIурылъ ДыщэкIым, зэрихьэлыращи, зыпэрыхьэ дэтхэнэ Iуэхури и кIэм негъэс, арэзыныгъэ, гупсэхугъуэ къыуиту.

Журналист лэжьыгъэм къыдэкIуэу Тамарэ итхырт усэхэри рассказхэри. Апхуэдэ зэчий къудамэбэм щыхьэт тохъуэ абы и къалэмыпэм къыпыкIа усэ, прозэ тхыгъэхэр зэрыт тхылъих илъэс зэхуэмыдэхэм дунейм къызэрытехьар.

ХъыбарегъащIэ IэнатIэм щрихьэкIа илъэс купщIафIэхэм, зэфIиха лэжьыгъэфIхэм папщIэ ДыщэкI Тамарэ мызэ-мытIэу ягъэпэжащ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ. Абыхэм нэмыщI къыхуагъэфэщащ «Печатым и отличник», «Илъэсым и бзылъхугъэ» цIэ лъапIэхэр, дамыгъэхэри щIыгъуу, «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр илъэс 25-рэ ирокъу» медалыр, КъШР-м и Iэтащхьэм и саугъэтыр.

Лъэпкъ газетым зэрыщылажьэрэ илъэс 50 зэрыхъумрэ и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъумкIэ ди гуапэу дохъуэхъу ДыщэкI Тамарэ. Ди редакцэм щылажьэ дэтхэнэми, къэзыцIыху куэдым я дежкIи ДыщэкIыр щапхъэщ и IэщIагъэкIи, и дуней тетыкIэкIи, и гупсысэкIи. ЛъэпкъитIым япхъу, къэбэрдейхэми нэгъуейхэми яхуэпэж бзылъхугъэм и пщIэми и нэмысми хэхъуэ зэпыту, узыншэу куэдрэ псэуну ди гуапэщ.

АТУОВЭ Алтынай,
«Ногай давысы» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.

● Гъуэгухэр

ЩIымахуэм хуэхьэзырщ

«Росавтодор» зэгухьэныгъэм хыхьэ «Кавказ» гъуэгу хозяйствэ федеральнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм щIымахуэм сыт и лъэныкъуэкIи хуигъэхьэзыращ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ингушым, Ставрополь крайм я федеральнэ гъуэгухэр.

ТРАНСПОРТЫР шынагъуэншэрэ лъэпощхьэпоуншэу гъуэгухэм щызекIуэн, къыщыхьу щтырыгъухэм пэщIэтын папщIэ, КИФЩI-м и хэгъэгуитхум щыIэ гъэтIылъыпIэу 33-м, псори зэхэту, щызэхуахьэсащ пшахъуэрэ шыгъурэ зэхэлъу тонн мини 115-м щIигъу, мылыр зыгъэткIу пкъыгъуэхэу тонн мин 14,5-м нэхърэ нэхъыбэ, пшахъуэу кубометр мин 70-м нэблагъэ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, а псори къелыжу щIымахуэ лъэхъэнэм ярикъунущ.

Зыхуэгъэхьэзырыныгъэхэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, абыи къыщынакъым. ЩIымахуэм къишэнкIэ хъуну зэIумыбзыныгъэхэм япэщIэтыну къагъэIэгъуащ техникэ зэмылIэужьыгъуэхэу 314-рэ. Псом хуэмыдэу егугъунущ Ставрополь крайм и щIыналъэм: абы хеубыдэ зи гугъу тщIы къудамэм и нэIэ зытет федеральнэ гъуэгу псоми щыщу километр 800-м щIигъур.

Апхуэдэу IэнатIэм и лэжьакIуэхэм зэрагъэпэщыжащ автомобилзехуэхэм зыщагъэпсэху икIи зыщагъэхуэбэж хъуну пэшу 40, транспортыр щагъэувын щIыпIэ къагъэплъу 42-рэ. Гъуэгум щхьэдэзыгъэух псы жапIэхэри ягъэкъэбзащ, лъэхъэнэ гугъум сыт и лъэныкъуэкIи хуагъэхьэзыращ.

КъищынэмыщIауэ, IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIхэм щIымахуэр иухыхункIэ я нэIэ трагъэтынущ уэсхэр къыщыгуэу, гъуэгум къыщытрихьэ щIыпIэхэми.

ИтIани, сакъыныгъэр нэхъапэщ. Дунейм и щытыкIэр щымыщIагъуэ зэманым, IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIхэм гъуэгум техьэхэм чэнджэщ ират сыт ищIыскIи набдзэгубдзаплъэу щытын зэрыхуейр зыщамыгъэгъупщэну, щызекIуэ хабзэхэр ягъэзэщIэну, я «гъущIышхэр» щIымахуэм къызыхуэтыншэу хуагъэхьэзырыну.

Гъуэгухэм къыщыхъу зэфIэмыхьэныгъэхэм ехьэлIауэ, сытым дежи, жэщми махуэми, «Кавказ» гъуэгу хозяйствэм и федеральнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм щылажьэхэм мы телефонымкIэ: 8(879) 333-11-59 хъыбар ирагъащIэ хъунущ.

ФщIэн папщIэ: «Росавтодор» зэгухьэныгъэм и «Кавказ» къудамэм Урысей Федерацэм я щIыналъитхум пхыкI гъуэгухэм ящыщу километр 1850-м нэблагъэр къызэщIеубыдэ. Абы щыщу 831-м щIигъур, ищхьэкIэ зэрыщыжытIащи, Ставрополь крайм, 380-р - Къэбэрдей-Балъкъэрым, 325-р - Къэрэшей-Шэрджэсым, 271-р - Осетие Ищхъэрэм, 43-р - Ингушым я щIыналъэхэм хохьэ.

БОЖКОВ Александр.

ЛIэщIыгъуэ ныкъуэм щIегъу

Къэхъун къуажэм щыпсэу, лэжьыгъэм и ветеран Нэзэр Хьэчим и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 80 ирикъуащ. Абы щыщу лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъур Нарткъалэ дэт химкомбинатым щигъэкIуащ, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр хьэлэлу щрихьэкIыу.

● ДифI догъэлъапIэ

Нэзэр Хьэчим

СОВЕТ Армэм къулыкъу щищIэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиуха иужькIэ, КПСС-м и Аруан райкомым и унэтIыныгъэкIэ, Нэзэр Хьэчим ягъэкIуащ Докшукинэ ацетонобутанол заводым (иужькIэ Нарткъалэ химкомбинат зыфIащыжам) щауххуэ дрожж цехым. 1961 гъэм и шыщхьэуIу мазэм абы Iэпыдзлъэпыдзу къыщыщIидзэри, мыгувэу мастеру ягъэуващ, иужькIэ инженер-технолог хъуащ.

ЗэфIэкI лъагэ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ щIалэр сыт хуэдэ IэнатIэми псэхьэлэлкIэ пэрытт, ар зэрыригъэфIэкIуэным, къыпыкI хъерым зэрыхигъэхъуэным хущIэкъуу. Абы папщIэ пщIэрэ щIыхьрэ щиIэт игъэлажьэхэми и унафэщIхэми я деж. Нэрылъагъут Хьэчим и жыджэрагъыр нэхъ зыубгъуауэ къызэрыгъэсэбэпын хуейр икIи 1997 гъэм заводым и управленэм, япэщIыкIэ лэжьыгъэ-техникэ егъэджэныгъэмкIэ инженер нэхъыжьу, иужькIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынымкIэ япэ категорие зиIэ инженеру щылэжьащ. Илъэс зыбжанэ дэкIри, и къалэнхэм къыхагъэхьащ кадрхэмкIэ къудамэм и унафэщI къулыкъур.

Илъэс 54-м щIигъукIэ Нарткъалэ химкомбинатым щылэжьауэ Нэзэр Хьэчим зигъэпсэхуну тIысыжащ 2015 гъэм и кIэухым. АрщхьэкIэ Iэзагъ ин зыбгъэдэлъ лIыр нобэми и IэнатIэм къиутIыпщыркъым: зэгурыIуэныгъэ кърагъэщIылIауэ кадрхэмкIэ къудамэм и инспекторщ.

Хьэчим и гуащIэдэкI хьэлэлыр гулъытэншэ хъуакъым. Абы и лэжьыгъэ тхылъым щытхъу, фIыщIэ тхыгъэу 30-м щIигъу итщ. Ар СССР-м и Микробиологие промышленностым и отличникщ, Лениным и юбилей медалыр зыхуагъэфэщащ, социалист зэпеуэныгъэм зэрыщытекIуам, граждан зыхъумэжыныгъэм къызэрыщыхэжаныкIам, творческэ лэжьакIуэ нэхъыфI зэрыхъуам папщIэ дамыгъэ лъапIэхэр зиIэщ. КъищынэмыщIауэ, Нэзэрым кърататщ СССР-м и Министрхэм я Советым и деж щыIэ Микробиологие промышленностымкIэ управленэ нэхъыщхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Аруан районым, Нарткъалэ химкомбинатым я щIыхь тхылъхэр.

И гъащIэм щыщу лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъу щигъэкIуа лэжьыгъэ IэнатIэр Нэзэр Хьэчим и дежкIэ етIуанэ унэ хъуащ. Уей-уей щыжригъэIэу щыта зэманыфIхэр зэрыблэкIрэ куэд щIами, Нарткъалэ и химкомбинатыр абы зыпищIын щыIэкъым икIи, япэ дыдэми хуэдэу, и пщIантIэм щыдыхьэкIэ и гур хохъуэ, и псэр мэпIейтей.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Хъыбар гуапэ

Аргуэру текIуэныгъэщIэхэр

Къулъкъужын Ищхъэрэм сабийхэр гъуазджэм щыхурагъаджэу дэт школыр, Къып Мухьэдин и цIэр зезыхьэр, аргуэру пашэхэм ящыщу къалъытащ. Ар иджыблагъэ щытекIуащ «ГъуазджэмкIэ школ нэхъыфIу 50» урысейпсо зэпеуэм.

КОНКУРСЫМ и къызэгъэпэщакIуэр УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерстворщ. Зэпеуэм и мурад нэхъыщхьэр щIэблэм художественнэ и лъэныкъуэкIэ зегъэужьыным хуэунэтIауэ Урысей Федерацэм щызэтеува хъуа егъэджэкIэр хъумэнырщ, ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр наIуэ къэщIынырщ, абы къыдэкIуэуи гъуазджэм щыхурагъаджэ школхэм защIэгъэкъуэнырщ.

Зэпеуэм хагъэхьар зи зэфIэкIыр нэхъапэкIэ хэлъуэщIыIу зыщIа школхэрщ: щрагъаджэхэм ябгъэдэлъ зэчийр урысейпсо, дунейпсо зэпеуэ зэхуэмыдэхэм щагъэлъэгъуарэ абыхэм зэрыщытекIуам и щыхьэтхэр зиIэхэрщ, зи лэжьэкIэм IэмалыщIэхэр къыщызыгъэсэбэпхэрщ, унэтIыныгъэ зыбжанэм - макъамэм, сурэт щIыным, къэфэным, театрым, IэпщIэлъэпщIэным, дизайным, архитектурэм, цирк гъуазджэм хуегъэджэным - хуэлажьэхэрщ.

Москва иджыблагъэ щызэхэтащ зэпеуэм щытекIуахэр щагъэлъэпIа зэхыхьэ. Къулъкъужын Ищхъэрэм гъуазджэм щыхурагъаджэу дэт школым и унафэщI КIуж Ритэ абы къыщратыжащ зи унафэщI IуэхущIапIэр зэпеуэм зэрытекIуам щыхьэт техъуэ дипломымрэ ахъшэ саугъэтымрэ.

Абы ирихьэлIэу нэгъуэщI хъыбар гуапи къэIуащ - Къулъкъужын Ищхъэрэм дэт курыт еджапIэ №3-м щIэс, Къып Мухьэдин и цIэр зезыхьэ школым и гъэсэн Къуэдз Артур «Урысейм и щIэблэ зэчиифIэ» урысейпсо зэпеуэм «ДыщэкI IэщIагъэ» и Iыхьэм пашэ щыхъуащ икIи абы папщIэ саугъэт къыхуагъэфэщащ.

Къулъкъужын Ищхъэрэм сабийхэр гъуазджэм щыхурагъаджэу дэт школым и гъэсэнхэр апхуэдэ зэпеуэ куэдым зэрыщытекIуамкIэ цIэрыIуэ хъуакIэщ. Абы щоджэ ныбжьыщIи 175-рэ, скульптурэм, сурэт щIыным, IэпщIэлъапщIагъэм, адыгэ пшынэмрэ шыкIэпшынэмрэ еуэным, къэфэным щыхуагъасэу.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.

● Тэрч щIыналъэ

Бжьыхьэсэр и кIэм нагъэс

Тэрч щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэм бжьыхьэсэр яух.

УЭФIУ екIуэкIа зы махуэри къэзыгъэсэбэпа мэкъумэшыщIэхэр хунэсащ щIы гектар мин 16-м щIигъу явэу ягъэщэбэжыну. Абы трасащ гуэдзу гектар мини 3-м нэблагъэ. Ар мы щIыналъэм хьэсапкъэу иIэм и процент 35-рэ мэхъу.

Джылахъстэнейм и СХПК-хэр 2018 гъэм зэрехъулIам и гугъу тщIымэ, ари яхуэIеякъым: гъавэхэкIхэр, кIэртIофыр, нэгъуэщI къэкIыгъэхэр кIэрыхуншэу къыщрахьэлIэжащ гектар мин 29-м щIигъум. Абы къытекIащ гъавэхэкI зэмылIэужьыгъуэу тонн мини 190-м нэс. Ику иту зы гектарым къаритащ центнер 65-рэ. Мэкъумэш IэнатIэмрэ муниципальнэ щIыхэмкIэ щIыналъэ управленэм дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, АПК-м и IуэхущIапIэхэр техникэкIэ, щIыгъэпшэрхэмкIэ тэмэму къызэгъэпэщащ, 2019 гъэм и гъатхасэри зыхуей хуэзэу къызэрырахьэлIэным хуэдэу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ди щIыналъэм и щэхухэр

«Тропа» - аращ зэреджэр Дон Iус Ростов щыщ режиссёр Анищенкэ Эдуард Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъыр и лъабжьэу триха фильмым. Жэпуэгъуэм и 27-м ар Гагарин Юрий и цIэр зэрихьэу Ростов дэт библиотекэм щагъэлъэгъуащ.

КИНОФИЛЬМЫР нэхъыбэу хуэунэтIащ фашистхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгыхэм къыщалъыхъуамрэ, «Аненербе» и щэхухэмрэ. Режиссёр щIалэм нэмыцэ гуп щхьэхуэм Кавказым щащIар къигъэлъэгъуам и мызакъуэу, «Эдельвейс»-м щыщу «Аненербе» экспедицэм хэтхэм ядэIэпыкъуахэм, Хэку зауэшхуэм ятеухуауэ куэд зыщымыгъуазэ теплъэгъуэхэр гъэщIэгъуэну цIыхухэм я пащхьэ ирилъхьащ.

КъищынэмыщIауэ, абы и теплъэгъуэ щхьэхуэхэм зауэ зэманыр зэрыщытауэ щызэфIагъэувэжащ. Абы папщIэ фильмым хэтхэр тхьэмахуэкIэ бгъуэнщIагъым щыпсэуащ - мафIэкIэ пщафIэу, сыхьэт 14-м нэблагъэкIэ съемкэхэр ирагъэкIуэкIыу.

Режиссёрым фильмым хэтыну кърригъэблэгъахэр актёркъым, атIэ дзэ тхыдэр зэфIагъэувэжу Донецк дэт клубым щыщ щIалэхэращ. НэхъапэкIэ апхуэдэхэм хэмытами, ахэр уи фIэщ хъууэ щыджэгуащ абы.

Анищенкэ Эдуард документальнэ фильм и щыпэтехкъым. Аращ «Неоконченный маршрут» фIэщыгъэм щIэту, Дятлов Игорь зи унафэщIу щыта гупым теухуар тезыхар. Куэд мыщIэу «Тропа» фильмри Интернетым кърыхьэлъхьэнущ.

Лъэныкъуэ куэдкIэ егупсысауэ трахащ ар. Кавказым и къыщхьэщыжакIуэхэм я уэрэдхэр Дон Iус Ростов щыщ бардхэм ягъэзэщIащ. Фильмым макъамэ хуитхащ Снегирёв Игорь. ИужькIэ утыкум къыщыпсэлъащ Анищенкэ Эдуардрэ Котляров Викторрэ. Виктор хьэщIэхэм щIэгъэкъуэнышхуэ яхуэхъуащ, абы къыхэкIыу езым хуэгъэза упщIэхэр куэдт. Фильмыр еплъахэм гъэщIэгъуэн зэращыхъуам и щыхьэтщ а пщыхьым къекIуэлIахэм «В роли охотников за тайнами «Аненербе» Котляровхэ къыдагъэкIа тхылъыр куэду зэращэхуар.

Фильмым елэжьа гупыр.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

Егъэджакiуэ емызэшыжт, цIыху гуащIафIэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис Мамхэгъ лъэпкъыр куэд мыхъуми, абыхэм къахэкIащ еджагъэшхуэхэр, къэрал Iэмэтiэ лъагэ зыIыгъахэр, егъэджакiуэ Iэзэхэр, спортсмен лъэщхэр, лэжьакiуэшхуэхэр, цIыху щэджащэхэр. Мы тхыгъэм зи гугъу щытщIынур Хьэтуей къуажэ дэса, Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызезыхьа, РСФСР-м щIыхь зиIэ и егъэджакiуэ Мамхэгъ Бийлъостэн Исмел и къуэращ. Ар къызэралъхурэ иджыблагъэ илъэсищэ ирикъуащ.

БИЛЪОСТЭН теухуауэ 2013 гъэм Мыз Залинэ нэтын игъэхъэзыраурэ щытащ. Абы къыщоплъэ Мамхэгъыр фIыуэ зыцIыхуу щытахэр, и гъунэгъухэр, къыдэлэжьахэр, иригъэджахэр, псоми зы жьэу жалэри фIы защIощ. Апхуэдиз гуапагъэр зыхуагъэфащэм дэнэ крихауэ пIэрэ и зэфIэкI иныр, и цIыху хэтыкIэ дахэр?! Шэч хэмылъу, къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым къритаращ, гъэсэныгъэу бгъэдэльаращ, зыпсыхьари гугъуехь илъэгъуаехрщ.

Мамхэгъ лъэпкъым и къуэпсхэр

Мамхэгъэх адыгэ лъэпкъыжь дыдэхэм ящыщщ, пасэ зэманым Псыжь адрыщIкIэ щыпсэууэ щытащ. КIэмыргуеипщ Бэлэтокъуэ ахэр зыхигъэхьэну иужь щихьэм, щтапIэ Къэбэрдейм къэкIуащ, хабзэм тегу кьрагъэIэбыхри Идархэ уэркъыу кьащтащ. Ауэрэ лъэпкъым и къуэпсыр Мысостей, ХьэтIохьущыкъуей, Жэмботей, Тэлъостэней пщыгъэхэм щыпсэу хьуащ. Тхыдэтх Сокъур Валерэ дэфтэр кьигъуэтащ Мамхэгъэх я къуажэр 1641 гъэм Идарей пщыгъуэм хиубыдэу щытауэ, Арщыданрэ Шэрэджрэ я псыщхьэхэм хуэзэу, балъкъэрхэмрэ адыгэхэмрэ я зэхуаку дэсауэ. ПсыжькIэ къаГъэна я Мамхэгъ адыгэ лIакъуэм кIэмыргуейэр бий яхуэхъури, абазэхэхэм я деж Iэпхъуащ, Щхьэгуащэрэ Куржыпсрэ я зэхуаку дэлъ щы щимэр яубыдри, адыгэ лIакъуэ щхьэхуэу щытащ Урыс-Кавказ зауэр иухыу. А зауэм къела тIэкIум Фарэ и Iуфэм къуажэ кьыщызэрагъэпэщауэ, Мамхэгъ къуажэкIэ еджэу Адыгей Республикэм и Щоджэн куейм щопсэуэхэр. Ауэ Мамхэгъ адыгэ лIакъуэм, ищхьэкIэ къыхэщащ зэманым лъандэрэ, пщы яIэжакъым, Мамхэгъ унэцIэр зезыхьэ яхэтыжакъым. А унэцIэр зыIыгъхэр Къэбэрдейм, нэгъуэщI адыгэ лъэпкъхэм, нэхъыбэу хамэ къэралхэмрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэмрэ хэгэуша хьуащ.

Мы адыгэ лIакъуэм къытепщыкIахэм ящыщыр Къэбэрдейм нэхъ цIэрыIуэ щыхъуащ Къэтыкъуей пщыгъуэм щыщхэу, уэркъэхэу Арщыдан псым Iуса жылэхэм дэса Мамхэгъэхэр. Октябрь революцэр къэсыху нэхъ пщIэ зиIэ лъэпкъхэм ящыщу, къуажэ унафэ яIэщIэлIэу, судыщIэхэу, хьэж ящIын яхуэзфIэкIыу, уэркъылейхэу, шы заводхэр яIэу къэкIуэкIащ Мамхэгъ лъэпкъыр, Арщыдан къуажэмэ, абыхэм къахэкIыу Болэтей (Терекскэ), Къуэжьыкъуей Ипщэ (Жэмтхьэлэ), Къундетей (Шэджэм Езанэ) жылэхэм дэтIысхьахэр.

Бийлъостэн дунейм къыщыпетхьащ Арщыдан къуажэм дэс Мамхэгъ Исмелрэ Щэмилэтрэ я унагъуэм, 1918 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм, къужжэдэс къыззэрегъэкIэзэм дуней псор къажъутэжыну я гугъуэу, большевик цIэр зыфIащауэ щызэрызекъэ лъэхъэнэм ирихьэлIэу. Мамхэгъ Алий и куитIыр, Исмелрэ Дзыдзарэ (Исуфрэ), зэгурыIуэу, уебламэ зэхэмкIауэ зы лъапсэм зздисхэт. Абы я къэнжалыщхэ унэшхуэр илъэс 50-м щIигъкIэ къуажэм школу, сабий саду къагъэсэбэпащ. Мы зэман бзаджэм лей къатехьащ пщыхэм я щIэблэу Хьэмырзэхэ, Дзэхушокъуэхэ, Сосналыхэ, уэркъэхэм я щIэблэу Мамхэгъэхэ, Алъхъэсхэ, КIэрэфхэ, Жэнокьуэхэ. Мы лъэпкъхэр властыщIэм зэхэзехуэн ищIат. Нэхъыбэр кьуажэм дэкIри, адэкIэ-мыдэкIэ зыщагъэпщкIуащ, куэди кьуажэ кIуэ-жьэ Алий - мыбырэ Бийлъостэн и анэмрэ зэкъуэшитIым я бынт. Абыхэм я дежь щыIэу «семилеткэ» жьхуаIэ щIэныгъэр Бийлъостэн щызригъэгъуэтын и мураду, медицинэ техникумым щеджэн щIидза къудейуэ, Алий НКВД-м игъэтIысащ. Бийлъостэн и унэщIэ дыдэр къыщIэщынкIэ щынагъуэ хъуат. ЯпэщыкIэ и къуажэгъухэр, къулыкъу зыIыгъхэу Нало Мырзэбэч (Малэ) и къуитIыр - Шупагуэрэ (къалэ исполкомым и унафэщIт) Жансэхъуэр (КъБАО-м и ТхакIуэхэм я зэгухэныгъэм и тхьэмадэт) - кьыщхьэщыжащ. Ауэ аэхэри, къулыкъушхуэ куэд пэрыта Бетрожь Къанщауэ и къуэ Бадоли (Хьэжьымел) НКВД-м зэрихуэн щыщIидзэм, Бийлъостэн къуажэм игъэззэжащ. Абыи Iэхуэхэр щыщIагъуэтэкъым: и анэр етIуанэ зрата Къуэдзыкъуэ Тембот НКВД-м дишат, бяних иIэу. Еджэным хуэпабгъэ Бийлъостэн хэкIыпIэу кьиГъуэтар Орджоникидзе (Владикавказ) дэт Щэшэн-Ингуш педучилищэм щIэтIысхьэнырщ. Мыбы Бетрожь унэцIэм зыри щеныкъуэкъунэтэкъым, кьущхьэхэм я дигор, ирон диалектхэм я бзэр кьабзэу ищIэрти, хъарзынэу яхэзэрыхьащ. Кьалэм кьедазыпIа районым и школым щригъаджэу, етIуанэ курсыр кьиухауэ, 1939 гъэм дзэм кьулыкъу щIэну ираджащ Бийлъостэн. Армэр кьущиух дыдэм ирихьэлIэу Хэку зауэшхуэр къэхьеящ.

Хэку зауэшхуэр

Нэмыцэ зэрыпсхьакIуэхэм ди къэралым хъращыпIа зауэм и япэ мазэм щыщIэдзауэ лIыгъэ щызезыхьа Бийлъостэн, Румыниер, Венгриер, Чехословакиер хуит кьэзыщIыжахэм яхэтащ. Сталин Иосиф и унафэкIэ абы кьыхуагъэфэщауэ щытащ и лIыхъужьыгъэр къызэралъыта фIыщIэ тхьилъапIэ. Апхуэдэуи, абы кьыхуагъэфэщащ, «Будапешт хуит къызэращIыжам папщIэ», «Прагэ хуит къызэращIыжам папщIэ», «Зэрихьа лIыгъэм папщIэ» медалхэр. Зауэр иухыным куэд къэмынауэ, 1945 гъэм и мэлыжьыхь мазэм уIэгъэ хьэлъэ хъури, сымаджэщым щIэхуащ. Абы Мамхэгъым кьыщратыжащ «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалыр. УIэгъэщым куэдрэ щIэлъа иужь, Хэкум кьигъэзэжакъым, и зауэ гъэгуанэм щыпищащ Монголиемрэ Китаймрэ. Мамхэгъым ЩэфIэтэкъым зауэм и гугъу ищIыну, ауэ а жIэж мащIэжэм кьаззэрыхьэщыкIэ, 1945 гъэм и етIуанэ IыхьэР дзэм кьулыкъу зэрыщиущIа илъэсиблым нэблагъэм пэбгъэув хъуну хьэлъат. А зэманым кьриубыдэу Бийлъостэн кьыхуагъэфэщащ СССР-мрэ Монголиемрэ я маршалхэм я щыхь тхьилъхэр, «Япониием зэрытекIуам папщIэ» медалыр. Хэку зауэшхуэр ди къэралым и текIуэныгъэкIэ зэрихьэрэ илъэс 40 щрикъу 1985 гъэм «Хэку зауэшхуэ» орденым и япэ нагъыщIэр кьыхуагъэфэщат, арщхьэкIэ накъыгъэм и 9-м кьратыжьхэм хуейуэ, езыр гъатхэпэм и 29-м дунейм екьжащ.

Урыху щыщIэдзауэ Берлин нэс, ижькIэ хы ЩIэхум нэс зауэ гъэгуанэр зэпичащ Мамхэгъ Бийлъостэн. 1945 гъэм дыгъэгъэзэм и 25-м кьыщалъхуа жьлэжьым кьыIуэжащ. ЗыпIыжа и анэр дзэлъхур (ЩЭмил) зауэм хъыбарыншэу зэрыкэкIуэдар, абы и унагъуэм зэкъуэшиплIрэ зэшыпхъуитщрэ зэрыщIэсыр, и анэр зыдэкIуэжар НКВД-м Iэщ1экIуэдауэ быних и закъуэу зэрипIэр зыщIэ щIалэм унагъуэм и дежкIэ хьэжьгъэм нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр кьыгурыIуэрти, Китайм хэкIри Кавказым нэс кьихьауэ щытащ гъащ тыгъэу кьрата хьэжьгъэ путыр.

Егъэджэныгъэ лэжьыгъэр

1946 гъэм абы егъэджакIуэу лэжьэн щыщIидзащ Хьэтуей школым, иужькIэ Анзорей къуажэм дэт пэщIэдзэ школым и тхьэмадзу щытащ. ЩIэныгъэу бгъэдэлъымкIэ мыарэзы Iэщ1эгъэлIыр и щIэныгъэм хигъэхъуэну щIэтIысхьащ Налшык дэт педучилищэм. ЩIэгъэкъуэн гъэри имыIэми, зыгуэрурэ зэхуигъэхъури абы кьищэхуащ щIалIэ, унэ ирищIыхьэри хуежьащ, щхьэгъусэ кьищэри, унагъуэу тIысыжащ. Школым есэпыр адыгэбзэкIэ щезыгъэджэр щагъэхьэзыр курсхэр 1950 гъэм кьиуха иужь, Старэ Урыху кьуажэм и курыт еджапIэм игъэзэжащ. Унагъуэу, сабийхэр иIэу еджэ Бийлъостэн и бын еплIанэр дунейм кьыщыхтехьэм КПИ-м щеджэрти, зэпигъэуэн хуей хьащ. ИужькIэ, 1960 гъэм, Осетие Ищхъэрэ пединститутым и физикоматематикэ факультетым есэпымкIэ и кьудамэм еджэн щыщIидзэжри, ар 1963 гъэм кьиуащ. ИужькIэ, 1960 гъэм, Осетие Ищхъэрэ пединститутым и физикоматематикэ факультетым есэпымкIэ и кьудамэм еджэн щыщIидзэжри, ар 1963 гъэм кьиуащ. ИужькIэ, 1960 гъэм, Осетие Ищхъэрэ пединститутым и физикоматематикэ факультетым есэпымкIэ и кьудамэм еджэн щыщIидзэжри, ар 1963 гъэм кьиуащ. Апхуэдизу щIэныгъэм уи нэр кьыхуикIын, ухуэпабгъэн хуейтэкъэ: абы щыIуэ Бийлъостэн бних иплырт.

Игури и псэри егъэджэныгъэ лэжьыгъэм етат Бийлъостэн, и дэтхэнэ зы дерси зэIухауэ кьэплъытэ хьунут. И Iэху зехьэкIэ дахэм, и гумызагъэм и хъыбарыр жьжьэ щыIуат. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къыщиухуа илъэс дыдэм, 1963 гъэм, абы кьыхуагъэфэщауэ щытащ КъБАССР-м Щыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныжкIэ и министерствэм и щIыхь тхьилъыр. 1969 гъэм «ЦIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным и отличник» цIэ лъапIэр кьыфIащащ. Зи пIэм иуджыхьу имыт егъэджакIуэм и екIуIэныгъэхэм кьахэхьуэрт, и гъэсэнхэри лъагаIэщIэжкIэм нэсырт.

ЕджапIэм махуэ кьэс щыгъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэм кьыдэкIуэу, ар лекцэ кьыщIеджэн щхьэкIэ щIэх-щIэхыурэ ирагъэбгъэрт Егъэджакiуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ институтым. Ар хэтт математикэкIэ егъэджакIуэ цIэрыIуэхэм я конференцэхэм, зэхьокIэ зэмылIэужыгъуэхэм я утыкуэхэм кьыщIсалъэрт. КьыштIахьуэ щIэблэм щIэныгъэ кууРэ гъэсэныгъэ нэсрэ егъэгъуэтыным хуищI хэлъхьэныгъэр кьалъытэри, 1973 гъэм Бийлъостэн кьыфIащауэ щытащ «РСФСР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр. И жьлэкIэр илъэс 60 щрикъум ирихьэлIэу абы кьаратащ «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр.

И гъэсэнхэр

Мамхэгъэм и гъэсэнхэр жьджэру хэтт районми республикэми щекIуэкI зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм икIи увыпIэфIхэр щызыIэрагъэхьэрт. Псалъэм папщIэ, Бийлъостэн и гъэсэн ныжьыщIэхэр хэтат есэпымкIэ къэралпсо зэхьэзэхуэу 1971 - 1972 гъэхэм екIуэкIам. «Квант и задачникыр» союзпсо зэхьэзэхуэм щытекIуэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ РСФСР-мрэ япэ увыпIэ, СССР-м и олимпиадэм щIыхь тхылъ хъущихьри, экзаменыншэу МКъУ-м и школ-интернатым щIэтIысхьауэ щытащ Бэрау Артур. Ар физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, зыкъомрэ США-м щылэжьащ, иджыпсту Москва щопсэу, ди лъахэгъу физик цIэрыIуэ Къумахуэ Мурадин утыку кьрихьа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр къепщытэ. Апхуэдэуи, а илъэсхэм Бесчокъуэ Русланрэ БищIо Муратрэ ресспубликэкIэ республикэпсо олимпиадэм пашэ щыхьауэ щытат, иужькIэ «Есэпым и лIыхъуэсэжьхэм я зэхьэзэхуэ» телеэпеуэм хэтри, абыи япэ увыпIэхэр щагубыдат.

Мамхэгъ Бийлъостэн и гъэсэнхэм ящыщщ физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидатхэу Къанищыкъей Владимир, КIыщыкъуэ Хьэдис, Бэрау Артур, Бесчокъуэ Руслан. Математикэр Iэщ1агъэу къыхамыхани, я егъэджакIуэ-гъэсакIуэм лъабжьэ кьаритауэ ябж филологие щIэныгъэхэм я докторхэу Мамхэгъ Раисэрэ БищIо Борисрэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Къанищыкъуей Валерэ, генералмайор Бетрожь Сослъэнбэч, федеральнэ судыщIэ Къудэбердокъуэ Джэбрэил сымэ

ЦIыхухъум и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэр

ЛIы бжьыфIэшхуэт Бийлъостэн, ауэ уэзыншагъэ бэлыхь иIэтэкъым, зауэм и фэбжьыр нэпкъыжьэу и Iэпкълъапкъми и псэми кьытенами ярейт. Бийлъостэн и щхьэгъусэ Къуэдзыкъуэ Жанпагуэ Къазий и пхъур цIыху зощIэкъуат, унэгуащэ бэлыхьт. Унагъуэр зыхуей хуэзэнымкIэ, я бынхэр кьаIэтынымкIэ, щIэныгъэ иратынымкIэ, Бийлъостэн и лжьыгъэм зыри зэран хуимыгъэхъуныжкIэ куэд хуэзфIэкIащ бзылъхугъэ зэпIэзэрытым. Быних зэдапIащ зэщхьэгъусэхэм, дэтхэнэми щIэныгъэ нэхъыщхьэ ирагъэгъуэтащ, унагъуэ ирагъэухуащ. Зыхуигъэувыжа мурадым ерыщу хуэкIуэф цIыхухъумрэ унагъуэм и зэIуэзыжащIэр и псэм япэ изыгъэщу псэуа цIыхубзымрэ, дауи, я гъащIэр кьехъулIащ.

ЖьлпIэнурамэ, Бийлъостэн и анэр кьызыхэкIа Бетрожь лъэпкъымрэ и щхьэгъусэм и дыщ Къуэдзыкъуэхэрэ кьуажэм щаIэ пщIэм мыхьэнэшхуэ щиIащ Мамхэгъым и гъащIэм. Езыр кьызыхэкIа лъэпкъым хэмысами, хуиIэ пыщIэныгъэр зэрыфIэмыкIуэдар зи фIыщIэр, езым кьилъытэу зэрыщытамкIэ, Налохэщ, Жын-жьакIэхэщ, Къудэбердокъуэхэщ: Мамхэгъэх я пхъуитI - Налохэрэ Жынжьакiэхэрэ, я пхъурылъхуитI - Къудэбердокъуэхэ я нысэу щытащ. Бийлъостэн а бзылъхугъэ щыпкъэхэр и анэкIулъу дыдэм хуэдэу игъэлIапIэрт, пщIэшхуэ яхуищIырт, яKIэпIыкIуэрт. Абыхэм кьыхэрагъэкIыжащ. Ар мамхэгъэхэ я тетуэуэ хъыбар куэд, лъэпкъым и тхыдэм щызыгъэгъуэзари ахэрауэ жыIэкIэ ущыунэкъым. Зауэ нэужым Бийлъостэн кьигъуэтыжат и адэмкIэ и къуэшхэри, и адэ къуэш бынхэри. Ахэр хэпхъауэ щыпсэурт Налшык, Бахьсэн, Кьэхъуэ, Нартан къуажэхэм, уеблэмэ Щэшэн Республикэми Уралми.

Бийлъостэн и гъащIэ псом зыщIэхъуэпса, хэбгъэзыхьымэ, зауэ илъэсхэм щIытIым ису зэпщIыхьа IуэхугъуитI 1963 гъэм зригъэхъулIэфат: еджапIэ нэхъыщхьэ кьиухат, Бетрожь унэцIэр и унэцIэ дыдэ МамхэгъымкIэ зэригъэхъуэкIыжат. Щэхуу илэжьакъым ар лIы губзыгъэм, Iэмхьрт МIми я нэхъыжьхэр щыгъуэззэу, абыхэм кьыдалIэгъуу зэфIиха Iуэхут. Бетрожьки Мамхэгъэхи я пщIэ кьэIэтыным хэлъхьэныгъэ хъарэнгъ хуищIащ Бийлъостэн, абы фIы дыдэу щыгъуазэщ нобэ кьуажэм дэс нэхъыжьхэр.

ГъащIэм и лъэныкъуэ псомкIи щапхъэу щыта Мамхэгъ Бийлъостэн и благъэхэми, кьуажэдэсхэми, и бынхэмрэ абыхэм я бынныжэмри, зыцIыхуу щытахэми фIыкIэ я гум илъщ. Зы цIыху хуэзфIэкIынкIэ абы хьэжь кьытенакъым.

БЛИЙ Залинэ.

● Фэеплъ

И анэшхуэ Фэрдэ, и анэ Щэмилэт, и анэ шыпхъу КIуэкIуэрашэ сымэ Тогузхэ щохьэщIэ. *1916 гъэ*

Старэ Урыху (Хьэтуей) къуажэ школым и егъэджакIуэхэр. *1954 гъэ*

Осетие Ищхъэрэ къэрал пединститутым и физико-математикэ къудамэр 1963 гъэм къэзыуха гупыр.

Мурат и фэеплъым пщIэ хуащIу

КъБР-м щыIэ МВД-м и СОБР-м и Iэнатiэм и командир, полицэм и подполковник Щхьэгъум Мурат Гъумар и къэум. 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м къалэныр ирихьэкIыу зэкIуэдам, и фэеплъу Бахьсэн районым и стадион нэхъыщхьэм щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм футбол цIыкIумкIэ я зэпеуэ.

ПСЭУЖАМЭ, Мурат а ныбжьыр илъэс 46-рэ ирикъунут. Ар тхэкIыжащ, гъуэгурыкIуэм тетым хуэдэу, и иужьрей дакъикъэхэм нэс и къалэным пэрытауэ. ГъащIэр кьызэринэкIащ къэзыухъуреихьэр и лъагъуныгъэмкIэ, гуапагъэмкIэ, зэфIэкIымкIэ игъэгушхуэну хунэмысу. Ар псэуащ псори зэуэ зригъэхъулэным хущIэкъуу, кьыхуиуха гъащIэ пIалъэр зэрымыкIыхьыр зыхищIэ хуэдэ. Абы и щыхьэтщ 2003 - 2007 гъэхэм кьриубыдэу Щхьэгъумым медали 9 кьыззырратар, абыхэм ящыщу тIур - «И хахуагъэм папщIэ». 2003 гъэм ар республикэ криминал милицэм и лжьакIуэ нэхъыфIу, 2009 гъэм - милицэм и Iэнатiэ хэхахэм я лжьакIуэ нэхъыфIу кьалъытащ. 2013 гъэм Мурат (мыпсэужу) кьыхуагъэфащащ ЛIыгъэм и орденыр.

Мурат и Iыхьлыхэм, зыдэлажьахэмрэ и ныбжьэгъуу щытахэмрэ я кьару ирахьэлIащ КъБР-м щыIэ МВД-м и лжьакIуэ къэмылэнджэжьым и фэеплъыр мыкIуэдыжын ящIынym. Мурат зыщыщ Бахьсэнэнхэ (Къэсейльблэ) къуажэм и уэрамхэм ящыщ зым абы и цIэр фIащащ. ЩIалэр щеджа, Бахьсэн кьалэ дзт курыт школ №1-м щызэхуахьэсащ абы и гъащIэмрэ и лжьыгъэмрэ теухуа дэфтэрхэр, СОБР-м щыIэщ Щхьэгъумым и фэеплъ плIанэпэ хэха.

Мурат и анэ Марьятрэ и адэ Гъумаррэ я къуэр щыпсэуа, иджы и унагъуэ дахэр - и щхьэгъусэ Оксанэ, и къуэхэу Амир-Хьанрэ Алихьанрэ - щыпсэу унэм унагъуэ архив кьыщызэрагъэпэщащ: сурэт куэд, дамыгъэхэр, дэфтэр зэмылIэужьыгъуэхэр, Мурат теухуауэ илъэс зэхуэмыдэхэм кьытрадза тхыгъэхэр, абы и хьэпшыпхэр, нэгъуэщI куэдри щызэхуэхьэсауэ. Шэч хэмылъу, ар гъащIэгъэунэ, сэбэпщ щIалэгъуалэр тэмэму гъэсэным елэжьхэм я дежкIэ.

Хабзэ хьуауэ кьызэрагъэпэщ Мурат теухуа фэеплъ зэпеуэхэр. Иджырейм, нэхъапэми хуэдэу, хэтащ Исльэмей, Зеикъуэ, Къубэ-Тэбэ, Къулькъужьи Ищхъэрэ, Кьащпэк, Бахьсэнёнкэ къуажэхэм, Бахьсэн кьалэм я гупу 8. Зэпеуэр кьызэIуэныкъуэ судья нэхъыщхьэ Къаскъуй Мухьэмэд кьызэхуэсахэм яригъэцIыхуащ екIуу иратаурэ зэхэIа гупэр. ЩIыхьгъуэкIэ я псэпкъым и пIыкIуэ Борис и гумрэ и псэмрэ кьабгъэдэкIыу фIыщIэ яхуищIащ Мурат и фэеплъым пщIэ хуащIу кьызэхуэсахэм.

Районым и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Ахъуэбэч Андзор кьыщыпсалъэм кьыхирагъэщащ мыпхуэдэ Iэзэхуэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр щIалэгъуалэм цIыхугъэ яхэлъу ягъэсэнымкIэ.

Щхьэгъум Мурат и гъащIэ, лжьыгъэ гъуэгуанэм щытепсэлъыхьым, Андзор кьыхигъэщащ кьызэрыгуэкI кьуажэ щIалэр зэгурыIуэныгъэ зэрыль унагъуэ дахэм кьызэрыщцыхьуар. Абы кьыхэкIащ МВД-м и офицер нэс. Ар жэуаплиныгъэ зыхэзыщIэ, цIыхухэм пщIэ яхуэзыщIу лэжьакIуэт.

Зэпеуэр удихьэхыу, гъэщIэгъуэну екIуэкIащ, дэтхэнэ гупри текIуэныгъэм щIэбэну.

Зэхьэзэхуэ гуащIэм бжьыпэр щаубыдащ футболымкIэ Iэщ1агъэлI цIэрыIуэ Нэгъуей Хьэсэнбий зи унафэщI футболист ныбжьыщIэхэм (Налшык кьалэ). Дыжьыныр яIэрыхьащ Бахьсэнёнкэм и ныбжьыщIэхэм, нэгъабэрей зэпеуэм щытекIуауэ щытахэм. Ещанэ увыпIэр ялъысащ Исльэмей и топджэгуэхэм. ЕхъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьахэм ираташ кубокэмрэ медалхэмрэ, район адмиНистращэм щIалэгъуалэ политикэмрэ спортымкIэ и кьудамэм и фIыщIэ тхылъхэр, Мурат и Iыхьлыхэм кьабгъэдэкI футболкэхэр. ЕплIанэ увыпIэр зыхуагъэфэща, Къубэ-Тэбэ кьуажэм и топджэгуэхэм ираташ СОБР-м кьыбгъэдэкI саугъэт. Джэгуакiэ нэхъыфIу кьалъытащ Бахьсэнёнкэ щыщ Дэдэхъу Темыркъан икIи «Баксанский вестник» газетым и редакцэм кьыбгъэдэкIыу абы ираташ жьп телефон. Зэхьэзэхуэм хэта гупхэм ираташ Мурат и Iыхьлыхэм кьабгъэдэкI, дэтхэнэри зыщIыгуфIыкIа Iэфы кIэхэр. Мурат и унагъуэм фIыщIэ хуащIу, Iэхъуэ кьрихьэлIа нэхъыжьхэм зыIуагъэхуащ Щхьэгъумхэ я унагъуэм щагъэхьэзыра ерыскъыр.

НЫР Iэуес.

● Гъуазджэ

Хэгъэгухэм я композиторхэм я зэхыхьэ

Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «Музыка соседей - музыка друзей» фІэщыгъэм щІэта фестиваль гущІэгъуэн.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ щэнхабзэ Іуэхухэмкіэ зэрыэдэлэжьыж щыщу ирагъэкІуэкІа фестивалыр зи жэрдэмыр Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ и Къэрал филармонием и унафэщІ, а республикэм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, Урысейм гъуэгуанэкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Урысей Федерацэмрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Макоев Ацамазщ**.

Зэхыхьэ дахэр къыщыізэІуахым, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьадин**, Осетие Ищхъэрэм щэнхабзэмкІэ и министр **Мильдзихов Руслан** сымэ къэпсэлъащ. Абыхэм къыхагъэщащ лъэпкъхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэр гъэбыдэнымкІэ мы Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

- Ди хэгъэгухэм я композиторхэр зэхуэзэу куэд щІауэ я зэфІэкІ еплъыжатэкъым. Экономикэм дызрилъэува щытыкІэ гугъум и зэранкІэ симфоние оркестрхэр епшэжьэну тынш-кым, ауэ щыхъукІи, ахэращ лъэпкъ композиторхэм я зэфІэкІыр къэзыгъэлъагъуэри ипэкІэ зыгъэкІуатэри, - жиІащ Макоев Ацамаз.

Фестивалыр Налшык щаублащ, къыкІэлъыкІуэнуэр Мейкъуапэ, Мохъэчкъалэ, Ставрополь, Нэзрэн, Грознэм щрагъэкІуэкІыну я мурадщ. Фестивалым и кІэух Іыхьэр щэкІуэгъуэм и 14-м Владикавказ щекІуэкІащ. Абы хэтащ Урысейм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и лІыкІуэхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и композиторхэмрэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Сурэтыщі гъуаздж эхэмкІэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэм, иджыблагъэ къыщыізэІуахат «Свой стиль» клубым хэтхэм я Іэдакъэщэкіхэм я 15-нэ гъэлъэгъуэныгъэр.

ХЭГЪЭГУМ къыщацІыху сурэттехэмрэ а Іэщіагъэм хыхьагъащІэхэмрэ утыкум кърахьат лэжьыгъищэм нэблагъэ. А Іэдакъэщэкіхэр зей цІыху 13-м унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къэхуькъащІэ куэд я сурэттехым кърагъэубыдын яхуэзэфІэкІащ. Ахэр псори зэкъуегъэувэ сурэт техным зэрыдихьэхым. Дуней тельыджэм укъыщыхутауэ къыщыпщыхъурт музейм и пэшым уэзрыщІэбакъуэу. Нэхъыбэм, дауи, щІыуэпсырщ гулъытэ зыхуащІар, ауэ цІыху щхьэхуэхэм я портретхэми, социальнэ унэтІыныгъэ зиІэ сурэтхэми, нэгъуэщІхэми ущрихьэлІэнут абы.

Илъэс къэси хуэдэу, выставкэм цІыхур щыкуэдт. Абы къахуеблэгъат КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр Щоджэнцыкіу Мурат, «Русское географическое сообщество»-м и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Къуажакъ Мухьэмэд, КъБР-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Темыркъан Геннадий сымэ, нэгъуэщІхэри.

- Ди щІыналъэм и щІыуэпсым уетхьэкъу. КъызыщІхъуи щІыІэу къыщІэкІынщ абы сурэт тепхыну тыншу, арщхьэкІэ ар Іуэхум упэрымыхьауэ къэпщІэнукъым. Мы пэшым щытытащ дэтхэнэ зы лэжьыгъэми гугъуехьышхуэ пылъщ, абыхэмкІэ болъагъу ар зи Іэдакъэ къыщІэкІам а Іуэхум хуиІэ лъагъуныгъэм и инагъыр. Ди министерствэр мы зэманым жыджэру яужь итщ ди щІыналъэр щІыпІэ нэхъыбэм къызэрыщедгъэзыІухуным, и цІэр фІыкІэ Іуа зэрыхъуным. Мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэр а Іуэхум икъукІэ къыхуэщхьэпэнущ, - жиІащ Щоджэнцыкіу Мурат къыщыпсалъэм.

Темыркъан Геннадий къыхигъэщащ клубым хэтхэм я Іэзагъэм зы илъэсым нэхърэ адрейм нэхъри зэрыхагъахъуэр, сыт щыгъуи гъэщІэгъуэн тщыхъун лэжьыгъэхэр ди пащхьэ къарахьэн зэрахуэзэфІэкІыр.

- Сурэтхэр зэмыщхьми, абыхэм зы гупсысэщ яІэр: ди хъуреягъым хэль дахагъэр къэгъэлъэгъуэнырщ, ар хъумэнырщ. Музейм и пэшитІым цІыхур щыІуащ икІи быдэу си фІэщ мэхъу дэтхэнэми и псэм пэгъунэгъу сурэт къызэригъэтынур, - жиІащ Темыркъаным.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Дуней еплъыкІэ щІэщыгъуэ зиІэхэр

«Свой стиль» фотоклубым и унафэщІ Лукъяненкэ Иван выставкэм къриубыкІахэм фІыщІэ яхуищІа иужь, жиІащ цІыху къэс и дуней еплъыкІэ щхьэхуэ зэриІэжыр (аращ клубым и фІэщыгъэр зэпеуухуар).

- ИкъукІэ гуапэ тщохъу ди гъэлъэгъуэныгъэхэм цІыхухэр куэду къыізэрыкІуэр, ди сурэтхэм щІэупщІэ зэраІэр. Абыхэм даззрыхуэфощэным яужь дитынущ, ди ехъулІэныгъэщІэхэмкІэ дяпэкІи фыдгъэгуфІэну ди мурадщ.

Ди гуапэу къыхэдгъэщыну дыхуейт а выставкэм ди лэжьэгъу пщащэ Къарей Элинэ и лэжьыгъэ зыбжанэ мы гъэми зэрыхэтар.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Фэеплъ жыг хадэр зыхуей хуагъэзэнущ

«Парк Патриот» къэрал Іуэхур Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщрагъэкІуэкІым хыхьэу, Фэеплъым и сквер Прохладнэ къалэм дэтыр зыхуей хуагъэзэн щІадзэнущ.

ТХЫДЭ-мемориал щІыпІэм щагъэувыну я мурадщ музейхэм щІэлъа, гъэлъэгъуэныгъэхэм хэта Іэщэ, дзэ Іэмэпсымэхэр. Апхуэдэуи цІыхухэр щызэхуэс, щэнхабзэ, жылагъуэ зэхьихьэхэр къыщызэрагъэпэщ хъуну щІыпІэ щхьэхуэхэри абы хыхьэу ящІынущ.

БЛИЙ Даянэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Пці ым фіым ухуишэркъым

2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 13-м Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм зыкъыхуигъэзащ щІыпІэм щыпсэу цІыхухъуэм. Абы зэрыжиІамкІэ, мы гъэм и фокІадэм имыщІыку цІыхухъуэм юридическэ чэнджэщкІэ кІыдзІэпыкъуну къигъэгугъэри, гъэпщІагъэкІэ сом мини 110-рэ Іэщігъэкіащ.

ІУЭХУР щызэхагъэкІым, къудамэм и лэжьакІуэхэм яубыдащ шэч зыхуащІыр. Ар илъэс 21-рэ зи ныбжь налшыкдэсщ. Абы илэжьамкІэ зиумысыжащ.

Уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

Аргуэру къыщІэхуащ

Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и Управленэм и лэжьакІуэхэм республикэм и щыхьэрым Ушанёвым и уэрамымрэ Балъкъэр уэрамымрэ я зэхэкІыпІэм деж и дэфтэрхэр къапщытэну къыщагъэувыІат нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щыта, илъэс 32-рэ зи ныбжь цІыхуэхъур.

АР КЪЫЩАЩЫМ, и жыпым кърахащ пкъыгъуэ удзыфэ зыкІуэцІылъ тхылъымпІэ шыхьа. Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкІэ, ар грамми 3,69-рэ хъу «метилэфедрон» наркотикхэкІщ.

Къищынэмыщ1ауэ, езым къариатащ и щыгъын щІагъым щигъэпщкІу, пкъыгъуэ ущэба зэрылъ хьэфэ зэкІуэцІышыхьауэ 10 икІи жиІащ гъэтІылъыпІэ щэхуэхэр къигъэсэбэпурэ наркотикхэкІэр Налшык зэрыщригъэкІыр.

Полицейхэм къагъэтащ абы нэхъапэкІэ игъэтІылъа наркотикхэкІ зэкІуэцІышыхьауэ 5.

УФ-м и УК-м и 228,1-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ гуэрдэнэ Іуэку кІаІэтащ. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуащ, илъэси 10-м щыщІэдзауэ 20-м нэскІэ цІыхухъур ягъэтІысынкІэ мэхъу.

Къэралым къыщалъхьуэрт

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ республикэ министерствэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкІэ и Іэнатіэмрэ Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и Управленэмрэ я лэжьакІуэхэм ячалащхьэм и Российскийр уэрамдэкІымрэ Краснопартизанская уэрамымрэ я Іэшэлъашэм щаубыдащ къэралым къыщалъхьуэ, илъэс 41-рэ хъу цІыхуэхъур.

ПОЛИЦЕЙХЭМ къызэралъытэмкІэ, цІыхухъур пыщІащ республикэм и щыхэрым гъэпцІагъэ Іуэхуэхэр щылэжьыным.

Шэч зыхуащІым хуагъэуващ щІыпІэм имыкІыну.

Зыгъэхьэзырар
УАРДЭ Жантинэщ.

ВагъуэщІэ къыхах

«Звезда» телеканалыр, Урысей Федерацэм Зыхъумэжыныгъэмкіэ и министерствэр и щІэгъэкъуэну, яужь ихьащ уэрэджыІакІуэхэм я «ВагъуэщІэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм и епліанэ зэхьыхьэр гъэхьэзырыным.

ТРАХЫН щІадзэ «Вагъуэщі»-р - макъамэ зэпеуэ инщ, УФ-м и федеральнэ щІыналъэ псоми я лІыкІуэхэр хэту. Мы гъэми абы зэхуишэсынущ ди къэралым и щІыналъэ псоми я уэрэджыІакІуэ зэчиифІэхэр. ЗэхьэзэхуэмкІэ я мурадыр - макъ дахэ, зэфІэкІ ин зиІэхэр утыку кърашэнырщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкІуу «Вагъуэщ1эм» хэтынущ Гъубжокъуэ Маринэ.

Зэпеуэм и япэ Іыхьэр телевизорымкІэ къагъэлъэгъуэнущ 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 23 - 30 махуэхэм. Финал ныкъуэмрэ кІэух Іыхьэмрэ цІыхухэм щрагъэлъагъуну трауху 2019 гъэм щІышылэм и 2 - 4-хэращ. А махуэхэм къриубыдэу телевизореплъхэм Іэ яІэтынущ, ягу ирихь уэрэджыІакІуэр къыхахыу. ТхьэмахуитІым нэблагъэ пІалъэм къриубыдэу цІыхубэм зэхихьнущ уэрэгушхуэ хъунущ макъ лъэщхэр, зэи утыку щамыгъэзэщІа уэрэджыщІэхэр.

ЩІышылэм и 7-м телевизореплъхэм нэхъыбэу Іэ зыхуаІэтам ипкъ иткІэ, къэралым псом нэхъыфІу къыщалъыта уэрэджыІакІуэм и цІэ къраІуэнущ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Алыдж-урым бэнэкІэмкІэ Словакием щызэхэта дунейпсо зэхьэзэхуэм жэз медалыр къыщызыхьа Къаир Азэмэт иджыблагъэ щагъэлъэпІащ ар къыщалъхуа Урыху къуажэм. ГуфІэгъуэ зэхьихьэм къриубыдэ щІэныгъэ-нэкІэмкІэ олимп чемпион Хъущт Аслъэнбэч, къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Гугъуэтыж Марат, спортсменхэр, нэгъуэщІхэри.

«АЛЫДЖ-урым бэнэкІэм ди сабийхэм яхелъхьэ къаруубгъэр, бэшэчагъэр, къалэн зыхуагъэувыжам хуэкІуэн зэрыхуей гурыщІэхэр. Гуапэщ ди кІуажэм щыщу а спорт лІэужьыгъуэм дихьэх ныбжьыщІэхэм я бжыгъэм илъэс къэс зэрыхэхъуэр. Зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэтурэ, ди бэнакІуэхэм я Іэзагъэр ирагъэфІакІуэ, я спорт зэфІэкІым хагъахъуэ. Ныдэкіуэтей ныбжьыщІэр спортым дедгъэхьхьэрэ ди къэкІуэнур узынщэ тхуэ-щІынущ. КъызэрыхэгъэщІапхъэщи, цІыхубэм щІэныгъэ ятыныр, спорт и лъэныкъэкІи зегъэужьныр ди къэралым и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ», - захуигъэзащ къызэхуэсахэм Урыху къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Гугъуэтыж Марат.

Къаир Азэмэт къыщынэмыщІауэ, Урыху къуажэм и цІэр спорт утыкум фІыкІэ щызыгъэІуахэм ящыщу Цалийхэ Залымэрэ Алимрэ, Аджырэ Залым, Блийхэ Алимрэ Тимуррэ, Рэмэзан Хьэсэн сымэ, нэгъуэщІхэри.

КъыкІэлъыкІуэу псалъэ ираташ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и чэнджэщэгъу АфІэунэ Аслъэн. «Си гуапэу Азэмэт и текІуэныгъэ дахэмкІэ сохъуэхъу. Здынэсам къыщымыуВыІэу Олимп джэгуэхэм я зэрыхъуным. Мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэр а Іуэхум икъукІэ къыхуэщхьэпэнущ, - жиІащ Щоджэнцыкіу Мурат къыщыпсалъэм.

Темыркъан Геннадий къыхигъэщащ клубым хэтхэм я Іэзагъэм зы илъэсым нэхърэ адрейм нэхъри зэрыхагъахъуэр, сыт щыгъуи гъэщІэгъуэн тщыхъун лэжьыгъэхэр ди пащхьэ къарахьэн зэрахуэзэфІэкІыр.

- Сурэтхэр зэмыщхьми, абыхэм зы гупсысэщ яІэр: ди хъуреягъым хэль дахагъэр къэгъэлъэгъуэнырщ, ар хъумэнырщ. Музейм и пэшитІым цІыхур щыІуащ икІи быдэу си фІэщ мэхъу дэтхэнэми и псэм пэгъунэгъу сурэт къызэригъэтынур, - жиІащ Темыркъаным.

● Алыдж-урым бэнэкІэ

Къаир Азэмэт ягъэлъапІэ

ДыщІэ медалыр зыІэригъэхьэну дыщогугъ. Спорт зэхьэзэхуэрщ апхуэдэ лъагапІэхэм лъабжьэ быдэ яхуэхъур. Къаир Азэмэт и дежкІэ иджыпрей дунейпсо зэхьэзэхуэр япэу утыкушхуэ щихьа зэІущІэщ. Абы и пэкІэ спортсмен щІалэщІэр Урысейм щекІуэкІа зэпеуэ зыбжанэхэм щытекІуащ», - жиІащ АфІэунэм.

Ди къэралми, дуней псоми спортсмен куэд утыку къыщиришащ Къаирым и тренер Мэкъуэуэ Малик. КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэм и нэІэ щІэту гуэрыхъуащ къэралым и гуп нэхъыщхьэм хагъэхьа щІалэщІэ ныбжьыщхьэ куэд.

Урыху щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэхьихьэм къекІуэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ жылэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и къэфакІуэ гупым, Анзорей къуажэм къикІа уэрэджыІакІуэхэм, ЦокІыл Азэмэт, Насып Астемыр сымэ, нэгъуэщІхэми.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Хэкупсэхэр

Электроннэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмрэ телевиденэмрэ хэкупсэ гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиІэ я лэжьыгъэм пащІэ ещанэу къыізэрагъэпэща «Родина в сердце» медиафестивалым кърикІуахэр мы махуэхэм Москва къыщащытэжащ.

ІУЭХУР зи жэрдэмхэм я къалэн нэхъыщхьэр къыщалъхуа щІыналъэр фІыуэ ильагъуу, и хэкур, къызыхэкІа лъэпкъыр и псэм хэлъу цІыхур гъэсэныгъ, апхуэдэуи СМИ-мкІэ ар зэрызэбгъэхъулІэфыну Іэмалхэм нэхъыбэ щыгъуазэ щІынырщ, хэкупсэу уэрыщыгъын хуейм екъэлІа лэжьыгъэ нэхъыфІхэр зи Іэдакъэщэкіхэм гулъытэ яхуэщІынырщ.

Урысей Федерацэмрэ хамэ къэралхэмрэ я кинематографист щищым щІигъу хэтащ фестивалым. НОТР телекомпанием игъэхьэзыра нэтынхэм мызэ-мытІэу урысей, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм саугъэтхэр ящыщкъащ, «Родина в сердце» медиафестивалми ди хэкуэгъуэхэм я лажьыгъитІ лауреат щыхъуащ: Сухомлинов Евгений и «Полиция Кабардино-Балкарии: история, судьбы, события», Взорокъуэ Владимиррэ Мысостышхуэ Маринэрэ траха «Надежды маленький оркестрик» фильмхэр.

ШЫРЫТ Аидэ.

«Звезда» телеканалыр, Урысей Федерацэм Зыхъумэжыныгъэмкіэ и министерствэр и щІэгъэкъуэну, яужь ихьащ уэрэджыІакІуэхэм я «ВагъуэщІэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм и епліанэ зэхьихьэр гъэхьэзырыным.

ТРАХЫН щІадзэ «Вагъуэщі»-р - макъамэ зэпеуэ инщ, УФ-м и федеральнэ щІыналъэ псоми я лІыкІуэхэр хэту. Мы гъэми абы зэхуишэсынущ ди къэралым и щІыналъэ псоми я уэрэджыІакІуэ зэчиифІэхэр. ЗэхьэзэхуэмкІэ я мурадыр - макъ дахэ, зэфІэкІ ин зиІэхэр утыку кърашэнырщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкІуу «ВагъуэщІэм» хэтынущ Гъубжокъуэ Маринэ.

Зэпеуэм и япэ Іыхьэр телевизорымкІэ къагъэлъэгъуэнущ 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 23 - 30 махуэхэм. Финал ныкъуэмрэ кІэух Іыхьэмрэ цІыхухэм щрагъэлъагъуну трауху 2019 гъэм щІышылэм и 2 - 4-хэращ. А махуэхэм къриубыдэу телевизореплъхэм Іэ яІэтынущ, ягу ирихь уэрэджыІакІуэр къыхахыу. ТхьэмахуитІым нэблагъэ пІалъэм къриубыдэу цІыхубэм зэхихьнущ уэрэгушхуэ хъунущ макъ лъэщхэр, зэи утыку щамыгъэзэщІа уэрэджыщІэхэр.

ЩІышылэм и 7-м телевизореплъхэм нэхъыбэу Іэ зыхуаІэтам ипкъ иткІэ, къэралым псом нэхъыфІу къыщалъыта уэрэджыІакІуэм и цІэ къраІуэнущ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Гъэсэныгъэм и гъуазэ

● Театр

Налшык и щІалэгъуалэ театрыр Шэшэн Республикэм щыхьэщІащ.

«БОЛЬШИЕ гастроли» къэрал программэм ипкъ иту, ТЮЗ-м сабийхэм папщІэ игъэлъэгъуащ «Ди мэзым къыщыхъуар», «ЩІэныгъэншэхэм я къуажэ щІыкІу», «Софие» гуащэм къыщыщІахэр» спектаклхэр.

«Мы зэман гугъум ди театрыр гъэсэныгъэ тэмэмым и гъуазэу къонэж», - жиІащ ЩІалэгъуалэ театрым и художественнэ унафэщІ Нало Аскэр. Ягъэлъэгъуа спектаклхэр теухуат гуапагъэм, пэжыгъэм, гурыщІэм. Сценэм щыджэгуа артистхэм къызэралъытэмкІэ, сабийхэм зыхащІэн хуейщ анэр фІыуэ зэралъагъур. Езыхэми пасэ щыкІэ къагурыгъэІуапхъэщ Хэкум, лъахэм, унагъуэм абыхэм я гъащІэм увыпІэшхуэ щиубыдын зэрыхуейри. ТЮЗ-р къызэрыунэхуэрэ псапащІэ гъэлъэгъуэныгъэу 300-м нэс иригъэкІуэкІащ, бынунагъэшхуэхэм, хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэм кьахэкІа щІыкІуэхэм папщІэ. «Большие гастроли» программэм мыхьэнэ ин иІэнущ. Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр егъэфІэкІуэныкІэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іащхьэмахуэ» журналым я лэжьакІуэхэр Тыркум къикІыжауэ адэжь щІыналъэм ильэс куэд хъуауэ щыпсэу, лъэпкъым хэущхьэпэ **Анзыкъуэ Зульфикъар** хуогуэавэ абы и адэ **Уэхтэдин** дунейм зэрехьыжам кІыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ хэущІэ ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфІыщІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маринэ, Къумахуэ Астъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдзэыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узышІагъэр хъумэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхутъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэху жэуап ягъэ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеуэу зэныту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэтлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ хъыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖъэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэуэкъокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), Компьютерхэр газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.113 ● Заказ №1146